

# KI ENSTANS KI PRAL TRETE DEMANN AZIL OU A?

Si ou pè pèsekisyon nan peyi'w, depi w rive Kanada ou kapab prezante yon demann azil bò kote otorite kanadyen yo pou mande pwoteksyon. Selon sitiyasyon w, demann ou an pral trete selon A, B, oubyen C :

A



Pifò demann yo al jwenn **Komisyon Imigrasyon ak Stati Refijye yo (CISR)**, ki se tribunal ki responsab pou rann desizyon nan sa ki konsène azil.

B



Men, demann ou an se Imigrasyon, Refijye ak Sitwayennte Kanada ki pral egzaminen l nan yon pwoesisis yo rele **Egzamen Risk Avan Ranvwa (ERAR)**

C



Yo pap otorize w fè yon demann azil Kanada.

Egzamen demann CISR fè an

Si w te fè yon demann azil yon fwa déjà epi demann sa te rejte, abandone, retire oubyen yo pat admèt ou fè l.

Si w te déjà fè yon demann azil Ozetazini, nan peyi Angletè, Ostrali oubyen Nouvèl Zelann.

Si w te travèse fwontyè a nan fason ki pa an règ aloske yo te déjà refize w rantre nan yonn nan pòs antre ofisyèl yo.

Si w te komèt yon krim grav, vyole dwa moun, oubyen si w reprezante yon risk pou sekirite Kanada.

Si w gen stati refijye nan yon lòt peyi kotew pa pè pou w ta retounen

Yo tou de evalye krent pèsekisyon ou genyen nan peyi w lan epi pral deside si yo kapab rekonèt ou kòm refijye nan Kanada.